ana lan moo dal aw nit ba ñuy wax lii ak lii? man de damay julli di nelaw, di woor di dog, di takk soxna, ku bañ sama yoon wi bokkul ci man

Jële nañu ci Anas -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Am mbooloo ci Sahaabay Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dañoo laaj soxnay Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ay jëfam ci li nëbbu? Am ci ñoom ku ne: man du ma takk soxna, keneen ne: man duma lekk ndawal, keneen ne: man duma nelawati ci kaw lal, Yonente bi daldi sant Yàlla tagg ko, wax ne: "ana lan moo dal aw nit ba ñuy wax lii ak lii? man de damay julli di nelaw, di woor di dog, di takk soxna, ku bañ sama yoon wi bokkul ci man".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Am mbooloo ci Sahaaba yi yal na leen Yàlla dollee gërëm dañoo ñëw ci kër saxnay Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc di laaj jaamu Yàlla yu nëbbu yimuy def ci biir këram, ba ñu leen ko waxee mu mel ni dañu koo xeeb, ñu wax ne: Waaw nun fan la nu toll Yonente bi nga xam ne jéggal nañu ko li jiitu ci ay bàkkaaram ak li mujj, wuute ak ku xamul ndax amna ag njéggal walla, kon day aajowoo mu baril ay jaamu Yàllaam ndax amaana mu am njéggal. Am ci ñoom ku ne: man duma takk soxna. Am ku ne: man du ma lekk yàpp. Am ku ne: man duma nelaw guddi. Loolu egg ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, mu mer, daal di xutba nit ñi, mu sant Yàlla tagg ko, daal di wax ne: Lan mooy mbiri nit ñiy wax lii ak lii?! Giñ naa ci Yàlla ne man maa leen gën a ragal Yàlla te gën leen ko a moytu, waaye man damay nelaw ngir ma man a taxaw julli, damay dog ngir ma man a dëgër ci woor, te damay takk soxna, ku dummooyu samaw yoon, gis ag mat ci lu dul moom, mu jël yoonu keneen ku dul man kooku bokkul ci man.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6078